ORAL AND MAXILLOFACIAL SURGERY

Enstriksyon apre yon ti operasyon nan bouch

Senyen

- Li nòmal pou gen yon ti san oswa san melanje ak saliv pandan 24 èdtan. Si yo mete gaz, mòde byen fèm pandan 30–45 minit. Si san an kontinye, chanje gaz la epi kenbe presyon fèm pandan 30–45 minit ankò. Pa manje, bwè oswa dòmi ak gaz. Pa manyen ni souse kote operasyon an, ni rense oswa krache ak fòs pandan 24 èdtan.

Anfle ak mak ble

- Ou ka gen anfle, mak ble, doulè ak yon ti difikilte pou louvri bouch. Anfle a ka ogmante pandan 48–72 èdtan. Pandan 24–48 èdtan, sèvi ak glas vlope nan sèvyèt: 20 minit sou figi a epi 20 minit san li. Apre 48 èdtan, sèvi ak konprès tyèd sèlman si yo di ou.

Medikaman

- Pran medikaman yo preskri jan yo di ou. Ou ka sèvi ak asetaminofèn ak ibipwofèn jan sa ekri sou boutèy la, jan doktè a di ou, oswa selon yon lòt plan yo rekòmande. Pa depase dòz la ni pran plizyè pwodwi ki gen menm engredyan aktif. Mande doktè, chirijyen oswa famasyen ou si ou pa sèten.

Ijyèn bouch

- Pa bwose dirèkteman sou kote operasyon an pandan 24 èdtan. Apre 24 èdtan, rense dousman ak ½ ti kiyè sèl nan 1 tas dlo tyèd de oswa twa fwa pa jou ak apre manje. Pa krache ak fòs ni deranje pwen, pansman oswa dren.

Manje ak bwè

- Pandan de a twa jou, chwazi manje mou ki fre oswa tyèd. Bwè nan gode. Pa sèvi ak pay pandan omwen twa jou. Evite manje cho, pike, di, kroustiyan, kole oswa difisil pou moulen.

Aktivite pou evite

- Pa fimen ni sèvi ak sigarèt elektwonik. Sa ka ralanti gerizon epi ogmante konplikasyon apre yo retire yon dan. Evite tabak, nikotin, alkòl, gwo aktivite ak leve bagay lou pandan omwen 48 èdtan.

Rele klinik la

- Rele pou gwo doulè apre twazyèm jou a, san ki pa sispann, lafyèv pi wo pase 101°F (38.5°C), pi, move sant oswa gou, anfle k ap vin pi mal, difikilte pou louvri bouch, angoudisman pwolonje, vomisman oswa pwoblèm ak dren oswa pansman.

Èd ijans

- Rele 911 oswa ale touswit nan sèvis ijans pou difikilte pou respire oswa vale, anfle rapid oswa anpil san ki pa ka sispann.

Swivi

- Ale nan randevou a pou yo tcheke gerizon, retire pwen, revize rezilta oswa bay lòt tretman.

CONTACT

- Monday–Friday, 9 a.m. to 4:30 p.m.: Call **617.414.4046**
- Nights and weekends: Call **617.638.5793** and ask for the oral surgery resident on call